



VIL CAMBRIDGE Plan Transpò Zewo Emisyon

2025 | Rezime Tradui

Rezime Jeneral

Poukisa Plan Transpò Zewo Emisyon, epi Poukisa Se Kounye a?¹

Kriz klimatik la deja gen enpak sou Cambridge atravè gwo chalè, move kalite lè, ak ijans meteyowolojik ki pi souvan. Vil la angaje l pou l rive nan zewo emisyon gaz efè tèmik (GHG) net disi 2050. Zewo Net² refere a balans ant kantite gaz efè tèmik ki pwodui ak kantite ki retire nan atmosfè a. Transpò se yon gwo sous emisyon gaz efè tèmik, kote 94% emisyon vil la soti nan machin prive ki sou wout yo³. Plan Transpò Zewo Emisyon (ZETP) vize elimine emisyon sa yo pandan l ap kreye yon sistèm transpò ki pi aksesib ak ekitab. Realizasyon objektif sa a mande aksyon ijan ak yon konpreyansyon sou inegalite planifikasyon pase yo ki fòme fason rezidan yo fè eksperyans ak adapte yo ak chanjman yo.

Kijan Nou Te Fè Plan an

Plan Transpò Zewo Emisyon an te devlope atravè yon pwosesis enklizif pou pote yon pakèt vwa, espesyalman moun vwa yo pa tandè ase, ki pa resevwa sèvis ase, epi ki te istorikman eskli. Objektif la se te bati konfyans, ranfòse relasyon yo, ak sipòte efò angajman k ap kontinye yo.

Nou te travay ak yon gwoup konsiltatif, komite Vil la, ak kominote a an jeneral pou devlope ak rafine aksyon potansyèl yo. Sa te gen ladan opinyon ki soti nan plis pase 50 evènman piblik, gwoup diskisyon yo, ak reyinyon yo, ki te ede fòme fason aksyon potansyèl yo te rafine ak ki lide yo te adapte oswa retire nan konsiderasyon.

Kat objektif kle te gide Plan Transpò Zewo Emisyon an:

1. Retire polisyon klimatik transpò lakoz
2. Fè depasman nan Cambridge pi aksesib, an sekirite, ak agreyab
3. Amelyore opòtinite ekonomik ak adrese enjistis istorik yo
4. Kreye yon kominote ki pi solid ak ki pi konekte

Anplwaye Vil la te travay tou ak konsiltan pou estime emisyon transpò nan Cambridge ak bay modèl enpak aksyon potansyèl yo. Yo te itilize baz sa a pou detèmine kantite emisyon ki bezwen redwi disi 2050 epi pou evalye kijan aksyon yo pwopoze yo t ap kontribye nan rediksyon sa yo.

Sa Nou Te Aprann nan Men Manm Kominote a

- Moun yo ouvè pou chanje fason yo vwayaje men yo bezwen sipò.
- Moun yo vle santi yo tandè yo epi wè aksyon.
- Pri ki pi wo pou posede oswa pake yon machin ka sanble enjis epi natirèlman inegal.

- Gen bezwen pou pi bon kominikasyon sou chanjman yo.
- Granmoun aje yo ak moun ki andikape yo bezwen lòt chwa transpò ki fyab, pratik, ak diy.
- Veyikil Elektrik (EV) se sèlman yon pati nan solisyon an.
- Diferan solisyon mache pou diferan bezwen, kidonk yon seri opsyon enpòtan.

Kisa ki nan Plan an?

Plan an dekri epi rekòmande aksyon nan sis kategori:

- 1. Angajman kominote a:** Angaje moun yo yon fason ekitab pou amelyore eksperyans transpò yo
- 2. Bis ak bis navèt:** Amelyore sèvis bis ak bis navèt
- 3. Bisiklèt, mache, ak mikwomobilite:** Fè li aksesib, an sekirite, ak agreyab pou moun mache, monte bisiklèt, epi pran yon eskoutè
- 4. Redui vwayaj nan machin:** Bay moun plis chwa vwayaj pou redui bezwen pou kondwi
- 5. Redui posesyon machin:** Fè li pi fasil pou pa posede yon machin
- 6. Veyikil elektrik:** Ankouraje yon chanjman nan direksyon veyikil elektrik

Vil la te bay priyorite aksyon a kout tèms ki baze sou enpak, posibilite, pri, ak opinyon kominote a.

Sa yo genyen:

- Ede rezidan yo jwenn aksè nan opsyon transpò ak rabè
- Amelyore vitès ak disponibilite bis sou wout kle yo
- Elaji aksè pou monte bisiklèt ak Bluebikes
- Ogmante espas chaj piblik pou EV ak mikwomobilite

Kisa K Ap Vini Apre?

Pwochen etap Cambridge la se devlopman yon Plan Aksè ak Mobilite Cambridge, yon pwosesis planifikasyon transpò nan tout vil la k ap lanse an 2026. Li pral bati sou fondasyon ZETP a epi entegre plis toujou itilizasyon tè, sekirite, aksè, ak dirabilite pou kreye yon sistèm transpò ki satisfè bezwen rezidan Cambridge yo kounye a ak nan lavni.

Nòt anba paj

- 1 Okòmansman, yo te rele "Zero Emissions Transportation Plan" (Plan Transpò Zewo Emisyon) Cambridge la "Net Zero Transportation Plan" (Plan Transpò Net Zewo) pandan li te nan faz devlopman. Anplwaye yo te chanje non an apre manm kominote a te mande pou yon tèms ki pi klè pase "Net Zero (Zewo Net)."
- 2 Pou plis enfòmasyon sou sa sa vle di pou yo "zewo net," vizite <https://www.nationalgrid.com/stories/energy-explained/what-is-net-zero>.
- 3 Gade paj 27 nan Cambridge Community GHG Inventory (Envantè GHG Kominote Cambridge) 2019 la: https://www.cambridgema.gov/-/media/Files/CDD/Climate/ghginventory/2019cambridgecommunitywideghginventory_summaryreport.pdf:

